**आकाशवाणी, गोरखपुर**

**दिनांक–05 अप्रैल 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ के भारतेन्दु नाट्य अकादमी में 'स्वर्ण जयंती नाट्य समारोह' क सुरूआति कइलें। येह मौका पर कार्यक्रम के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री संस्कृति विभाग अउर अकादमी से साथे मिलि के कार कइले क अपीलि कइलें। उहां के कहलीं कि 'रंगमंच समाज क आइना होला अउर ई' समाज क दिसो तय करे ला।

***रंगमंच इस समाज का दर्पण होता है और वह समाज की दिशा तय करती है। यह सच है कि रंगमंच जहां और रंगमंच वही है जहां पर भावनाएं शब्द बनती है और वह शब्द अभिनय बनते हैं और यही अभिनय जन चेतना बन करके समाज को एक नई दिशा देता है जैसे आनंदमंठ के वन्दे मातरम गीत के माध्यम से आपने देखा होगा।***

मुख्यमंत्री, मध्य प्रदेश सरकार के ओरि से तइयार कइल गइल महानाटक सम्राट विक्रमादित्य क बड़ाई करत बतवलें कि उन्हें येह नाटक के बनारस में देखले मौका मिलल रहे। श्री योगी येही तरियन महाराजा सुहेलदेव, रानी लक्ष्मीबाई, महाराजा महेन्द्र प्रताप सिंह अउर अट्ठारह सौ सत्तावन क पहिला स्वाधीनता संग्राम के नायकन पर नाट्य श्रृंखला सुरू कइले क कलाकारन से अपीलि कइलें।

उहां के कहलीं कि नाटकन क संवाद, संगीत, स्क्रिप्ट, सब्दन क चयन आ वाक्य विन्यास एतना परभावी होखे कि सज्जो लोगिन के आकरसित आ प्रेरित करे। मुख्यमंत्री वीरांगना अवन्ति बाई, झलकारी बाई, ऊदादेवी, महाराजा बिजली पासी, बिस्मिल, ठाकुर रोशन सिंह, चन्द्रशेखर आजाद जइसन आजादी के नायकन क किस्सा सुनावत कहलें कि नाट्य अकादमियन क दायित्व हौ कि ऊ येह पर लघु नाटक बनावें।

**********

केन्द्रीय विधि अउर न्याय मंत्रालय क अपर सचिव के.वी. कुमार कहले हवें कि जन विश्वास संशोधन विधेयक से व्यौपार आ जिनगी आसान होई। डॉक्टर कुमार आकाशवाणी के बतवलें कि येह विधेयक में 23 मंत्रालयन से जुड़ल 7 सौ 84 प्रावधान सामिल हौ, कारोबारी सुगमता के बढ़ावा देवे बदे कई गो प्रावधान के अपराध क श्रेणी से बहरे कइ दिहल गइल हौ।

***व्यापार को सुगम बनाने के उद्देश्य से सात सौ 17 प्रावधानों को अपराध की श्रेणी से बाहर किया गया हैं। जबकि आम लोग के जीवन को आसान बनाने के लिए 67 प्रावधानों में संशोधन किया गया है। इस विधेयक का उद्देश्य एक हजार से अधिक अपराधों को तर्कसंगत बनाना है, जिसमें छोट–मोटे अपराधों को हटाया गया है।***

**********

केन्द्रीय पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्री हरदीप सिंह पुरी कहले हवें कि भारत, ईरान के सथहीं 40 से बेसी देसन से कच्चा तेल मंगा रहल हौ आ ईरान के साथे तेल क भुगतान में कउनों दिक्कति नाही हौ। उहां के एगो सोसल मीडिया पोस्ट में ओह बाति क खण्डन कइलें कि भुगतान में दिक्कति के नाते एगो जहाजि के चीन के ओरि मोड़ि दिहल गइल रहे। उहां के कहलीं कि संचालन आ ब्यौसायिक जरूरतन से जहाजि आपन राहि बदले लें। मंत्रालय कहलस कि सरकार देस भर में पेट्रोल, डीजल आ एलपीजी क पुरहर सप्ताई बदे हर कोसिस कइ रहलि हौ।

**********

केन्द्रीय कृषि अउर किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहले हवें कि बेमौसम बरखा आ ओला गिरले से पीड़ित किसानन के चिंता कइले क जरूरति नाहीं हौ। उहां के कहलीं कि सरकार किसानन क भइल लोकसान क जायजा लेवे बदे सम्बन्धित राज्यन के कृषि मंत्रियन के साथे पुरहर चरचा कइल जाई। श्री चौहान कहलें कि जरूरति के मोताबिक सज्जो कदम उठावल जाई।

**********

बनारस के श्रीकाशी विश्वनाथ मंदिर में मध्य प्रदेस क मुख्यमंत्री डॉक्टर मोहन यादव के ओरि से दीहल गइल वैदिक घड़ी लगा दिहल गइल हौ। मंदिर न्यास क मुख्य कार्यकारी अधिकारी विश्वभूषण मिश्रा बतवलें कि विक्रमादित्य वैदिक घड़ी भारत क पुरान वैज्ञानिक परम्परा, सांस्कृतिक समृद्धि आ गौरवसाली इतिहास क जीवंत प्रतीक हौ। उहां के बतवलीं कि घड़ी के लगवले के बाद मंदिर में ओके देखे बदे लोगिन में उछाहो देखाई दे रहल हौ। दरसन बदे आवे वाला सरधालु घड़ियो के देखे पहुंचत हवें।

**********

आजु ईस्टर हौ। ई तिउहार प्रार्थना, पस्चाताप आ प्रभु ईसा मसीह के जिनगी के आखिरी फेरा क यादि कइले के पवित्र सप्ताह क प्रतीक हौ। येह मौका पर आज सज्जो गिरजा घरन में बिसेस प्रार्थना सभा भइल। मसीही समुदाय क लोगि प्रार्थना के बाद एक–दुसरे के बधाई दिहलें।

**********

इण्डियन प्रीमियर लीग–आईपीएल के आन्नइसवां संस्करण में आजु हैदराबाद के राजीव गांधी क्रिकेट स्टेडियम में सनराइजर्स हैदराबाद क मोकाबिला लखनऊ सुपर जायंट्स से हो रहल हौ। हैदराबाद क टीमि एगो हारि आ एगो जीति के साथे सीजन क सुरूआति कइले हौ ओहीं दुसरका ओरि लखनऊ सुपर जायंट्य पहिला मैच में हारि गइल रहे।

**********